

urPran mezi kont plis pwopagasyon COVID-19

18 Fevriye 2021

Chè Kominote Kanpis,

Nou ekri w jodi a akòz nou te wè yon ogmantasyon ki wo ak preyokipan nan ka COVID pozitif yo sou kanpis nou an ak ozalantou li nan dènye jou yo. Depi nan kòmansman pandemi sa a, nou te pwomèt pou pran mezi nenpòt lè nou wè gen plis pwopagasyon.

Pandan plizyè jou ki pase yo, nou te wè gwoup (defini kòm 3 ka pozitif nan yon zòn defini) ak epidemi (defini kòm 5 oswa plis ka pozitif nan yon zòn defini) nan plizyè kote sou kanpis la ak deyò li.

Nouvo Mezi pou COVID

Avèk oryantasyon inivèsite a ak ekspè sante yo nan konte a, n ap mete anplas mezi annapre yo, ki anvigè imedyatman epi jiskaske gen lòt nouvel:

- Tout rasanbleman elèv yo, anndan ak anplennè, limite ak pa plis pase 5 moun, depi li posib pou respekte distans fizik. Sèl eksepsyon ak règ sa a se pou ansèyman akademik an pèsòn kote nou kapab asire mask ak distans sosyal.
- Pou tout rasanbleman yo, kèlkeswa lokal ak gwosè a, yo dwe mete mask ak kenbe distans fizik.
- Tout aktivite nan, oswa ki ofri pa, Stamp Student Union, RecWell, ak òganizasyon elèv yo pral limite ak 5 moun epi dwe respekte direktiv distans Konte Prince George (1 moun pou chak 200 pye kare). Rezèvasyon endividyèl pou egzèsis la toujou disponib nan RecWell.
- Kafeterya yo pral kontinye ofri sèvis pou anpòte sèlman. Elèv k ap manje ansanm nan sal yo rete entèdi.
- Gen plis prekosyon sou sante ki pral aplike nan tout rezidans inivèsite ak/oswa lojman Fratènite ak Sorority Life (Asosyasyon fi) kote ka pozitif yo ap ogmante. Mezi sa yo gen ladan elèv yo mande pou rete nan sal oswa lojman rezidans yo ak nan chanm yo, ki pa patisipe nan kou oswa dewva an pèsòn, epi retire vizit nan enstalasyon RecWell yo, Stamp oswa lòt espas piblik.
- Nou pral ajoute tès COVID anplis pou tout elèv ki pa gen sentòm k ap viv nan rezidans inivèsite yo oswa lojman fratènite oswa pou fi kote gwoup oswa epidemi te rapòte. Menm lan se vre tou pou bilding ki anba Prekosyon Sante Ranfòse yo. Nou pral kontakte dirèkteman moun ki afekte yo pou bay plis enfòmasyon.

Rete Vijilan 4 Maryland

Konbinezon fatig COVID la, nouvo varyant yo ak monte sa nan ka yo ranfòse gwo enpòtans pou nou kenbe [pwotokòl 4 Maryland yo](#). Li obligatwa pou w mete mask ou lè w anndan ak pa deyò (asire li byen tache), kenbe distans fizik (anplis ou mete mask), lave men w souvan epi rete lakay si w santi w malad.

Lè w pa respekte pwotokòl sa yo, sa pral gen yon gwo konsekans pou tout manm nan kominote nou an. Elèv yo ki pa respekte direktiv sa yo pral rapòte bay Biwo Konduit Elèv la epi y ap sanksyone yo, sa ki ka gen ladan sispansyon ak, pou plizyè enfraksyon, ekspilsyon. N ap kenbe pwofesè ak anplwaye yo responsab atravè yon pwosesis ki similè.

Si pa gen okenn gwo bèss nan ka yo nan jou k ap vini yo, gen restriksyon anplis nou pral mete ki gen ladan sispansyon kou an pèsòn yo, rechèch laboratwa ak lòt aktivite sou kanpis. Si nesesè, n ap pase tout ansèyman yo nan yon anviwònman sou entènèt.

Nou pa pran alalejè ke mezi adisyonèl sa yo afekte lavi chak jou. Nou byen okouran de efè negatif viris sa a genyen sou sante mantal kolektif ak endividyèl nou. Men nou pa kapab bese gad nou kont viris sa a. Menm kounye a, piske pwomès vaksen an ak yon retou nan nòm al ta sanble toupre nou, nou dwe pwoteje tèt nou, sitwayen nou yo sou kanpis la ak sila nou renmen yo.

Darryll J. Pines

Prezidan

Spyridon S. Marinopoulos, MD, FACP

Direktè, Sant Sante Inivèsite a